

# ILÈ nap Sévi?



Make avèk yon X nan seri aktivite ke ou te fè déjà epi make ak yon O aktivite ke ou gen pou fè.

- 1. Ale legliz la souvan. Kretyen yo ap ede ou grandi antanke zanmi Jezi. Ou kapab soutni epi ede lòt yo viv pou Bondye.
- 2. Bay lajan pou Bondye. Depoze I nan ofrann nan legliz la. Legliz ou a itilize lajan sa pou regle bon bagay.
- 3. Rakonte ak lòt moun kòman Bondye te ede w. Sa ede lòt moun pou yo kwè nan Bondye lè yo gen pwoblèm.
- 4. Ede lè legliz ou gen kèk pwojè pou li reyalize. Travay la vin pi fasil lè anpil moun fè li ansanm.
- 5. Envite zanmi w ak lòt moun nan fanmi w ale legliz. Ya va tandem pale de Jezi.

Ou ka panse ak kèk lòt fason ou ka ede nan legliz la?  
Ekri yo la:


---

---

---



# BON TRAVAY!



Soumèt tèt ou devan Bondye; reziste Dyab ak yon fwa ki fèm li va kouri lwen ou.

Jak 4:7

Jezi te ale nan dezè a li te ale priye epi pase tan ak Bondye. Li pat manje anyen pandan karant jou. Dyab la vini epi tante Jezi. Dyab la tap chache fè Jezi tonbe nan fè sa ki mal

Chak fwa Jezi te tante, Li te chwazi fè sa ki byen. Li te itilize vèsè nan bib la pou I te kouri dèyè dyab la.

Lik 4:1-13



Bondye ape de w fè sa ki bien. Itilize rekòmandasyon pou ede w rete lwen tantasyon.

# DWFT


Fè yon liy pou fonse rebò men an ki eksplike sa chak dwèt yo di.

## Jezi te tante...

1

Jezi te tante pou i te fè ròch tounen pen. Kisa Jezi te di dyab la?

Li Matye 4 :4 nan bib ou epi wap jwenn repons



2

---

---

---

Kominen kisa Jezi. Wou li...  
Mande Bondye pou Li ede  
ou pran bon desizyon.  
Mande lòt kreyen pou yo ede ou.  
Di dyab la retire kò w. Sonje ke Jezi  
te komande dyab la e li te ale.  
Evite moun, plas oubyen bagay  
ki ka fè w gen anvi fè sa ki mal!


3

Dyab te tante Jezi. Li te di Li ke Li tap ka gouvènen tout nasyon si li te bese devan li epi adore li. Kisa Jezi te di Dyab la?

Li Matye 4:10 nan bib ou a epi wap jwen repons la.

2

Jezi te tante pou li te sote soti sou tèt tanp la pou li lage kò li anba epi zanj tap pare li. Kisa Jezi te di dyab?  
Li Matye 4:7 nan bib ou a wap jwenn repons la.



---

---

---

3

---

---

---